



# Dwa ou pou reklame pwoteksyon kont KOVID-19

## KI DWA OU GENYEN?

Tout travayè yo gen dwa pou yo gen yon espas travay ki pa gen danje ladanl.

### Dapre lwa federal, ou gen dwa:

- Yon espas travay ki pa gen risk sante ak sekirite ki ka koze lanmò oswa domaj fizik grav.<sup>1</sup>
- Ekipman pwoteksyon - tankou ekipman pwoteksyon pèsònèl pou je, figi, tèt ak lòt pati nan kò ou; rad pwoteksyon; aparèy respiratwa; ak defans pwoteksyon ak baryè - lè li nesèsè pou pwoteje kont danje yo.<sup>2</sup>
- Fòmasyon sou ki jan yo sèvi ak ekipman pwoteksyon pèsònèl kòrèkteman.
- Ale nan twalèt la chak fwa li nesèsè, menm pou lave men ou.<sup>3</sup>
- Refize fè travay danjere nan kèk sikonstans.

### Pandan KOVID-19, patwon ou ta dwe fè efò pou pwoteje ou kont viris la, tankou asire ou gen aksè a:<sup>4</sup>

- Baryè fizik pou kontwole pwopagasyon viris la.
- Distans sosyal pou evite kontak avèk moun ki malad.
- Ekipman pwoteksyon pèsònèl.
- Ijyèn (tankou aksè a savon ak dlo pou lave men nou oswa aksè a dezenfektan a baz alkòl).
- Pwodwi netwayaj.

### Li ilegal pou yon patwon fè vanjans si ou eksprime enkyetid sou sante ak sekirite ou ak/oswa ou pote yon plent ak OSHA..

- Si ou kwè kondisyon travay ou yo danjere oswa move pou sante ou, ou ka depoze yon plent konfidansyèl ak OSHA jis rele 1-800-321-6742 epi mande pou yon enspeksyon. Epitou ou ka depoze yon plent pa lapòs oswa imèl. Si sa posib, kominike kondisyon yo ak patwon ou.
- Li ilegal pou yon patwon ranvwaye, bese, transfere oswa fè vanjans kont yon travayè poutèt li pote yon plent ak OSHA.<sup>5</sup> Pou egzanp, yon patwon pa ka koupe èdtan ou oswa ba ou pi move orè yo paske ou te depoze yon plent.

### Lwa federal pwoteje majorite travayè ki angaje nan yon “aktivite pwoteje nan tèt ansanm” pou yo ka mande pou kondisyon ki plis an sekirite nan travay yo.<sup>6</sup> Sa vle di majorite travayè yo gen dwa pou yo:

- Pale nan yon gwoup de oswa plis travayè sou kondisyon travay yo san yo pa bezwen pè diskriminasyon, vanjans oswa entèwogasyon nan men patwon-an.
- Demann nan yon gwoup de oswa plis travayè ke ou tout resevwa konje peye ak lòt benefis konje.
- Refize travay nan yon gwoup de oswa plis travayè pou manifeste kont kondisyon danjere.
- Yon sèl endividyèl pwoteje tou si li pote plent bay patwon an sou non yon gwoup travayè.
- Si ou se yon manm sendika, ou ta dwe kontakte reprezantan lokal ou a paske kontra sendika ou ka bay dwa ak obligasyon adisyonèl.

### Yon travayè ki vin malad ak KOVID-19 nan travay li petèt kapab ranpli yon reklamasyon konpansasyon pou travayè yo.

- Nan Lwizyàn, Jòrji, Florid, Alabama ak Kawolin Di Sid, yon travayè gen dwa a konpansasyon travayè yo si yo vin malad nan travay la. Yon travayè ta dwe rapòte maladi a bay patwon li pli vit ke posib. Kèk eta mande pou patwon an resevwa avi a nan 30 jou. Anplis, yon travayè jeneralman gen yon ane (de ane nan Florid) pou depoze yon reklamasyon avèk tablo konpansasyon travayè yo.
- Anplwayè yo pa ka fè vanjans kont yon anplwaye ki rapòte yon aksidan oswa depoze yon reklamasyon konpansasyon pou travayè yo.

<sup>1</sup> 29 U.S.C. § 654(a)(1).

<sup>2</sup> 29 C.F.R. § 1910.132(a).

<sup>3</sup> OSHA Sanitation Standard; 29 CFR 1910.141.

<sup>4</sup> OSHA Alert, Prevent Worker Exposure to Coronavirus (COVID-19), <https://www.osha.gov/Publications/OSHA3989.pdf>.

<sup>5</sup> 29 U.S.C. § 660(c)

<sup>6</sup> Travayè ki anba la yo pa kouvri nan Lwa Nasyonal sou Relasyon Travay : ofisyèl gouvènman federal, eta oswa lokal, sipèvizè, kontrasyon endepandan, travayè domestik ki travay nan kay, travayè agrikòl. 29 U.S.C. § 152 (3).